



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GENEVA AP RESEVWA \$10 MILYON DOLA NAN INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL

Eta ap kolabore avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pou renove anba lavil Geneva

Pwojè Finger Lakes la ap transfòme sant anba lavil Geneva, kreye travay ak stimile ekonomi lokal la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo te chwazi anba lavil Geneva kòm gayan nan inisyativ \$10 milyon dola revitalizasyon anba lavil nan rejyon Finger Lakes. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil, te premye parèt nan diskou 2016 Gouvènè a sou sitiyaasyon Eta a make yon plan konplè pou transfòme katye lokal yo an kominote dinamik kote nouvo jenerasyon Nouyòkè yo ap vle viv ak travay.

Yo te chwazi gayan nan kad yon pwosesis konpetitif pa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes eta e li pral resevwa \$10 milyon dola nan finansman eta pou revitalize katye lokal yo epi jenere nouvo opòtinite pou kwasans ak pwosperite alontèm. Prim nan ap gen ladan jiska \$300,000 nan fon planifikasyon pou espesyalis sektè prive yo travay avèk yon kominote planifikasyon lokal pou elabore yon Plan Investisman Stratejik ki pral idantifye delvopman ekonomik spesifik, ak lojman ansanm avèk pwojè kominotè. Sibvansyon sa fè pati nan yon efò \$100 milyon pou amelyore vitalite iben sant vil yo toupatou nan eta. Plan yo ap fini nan kòmansman 2017.

“Pandan sizan ki sot pase yo, Konsèy Rejyonal nou yo te jwe yon wòl entegral nan jenere opòtinite ekonomik nan kominote yo toupatou nan eta,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la chita sou elan sa lè nou investi nan byen lokal yo pou atire travay, investisman prive epi transfòme zòn anba lavil yo an sant dinamik, divès epi aktif ekonomikman. Investisman sa pral ranfòse mache travay Geneva kap grandi ansanm avèk distri biznis la e lap kontinye renesans ekonomik vil la pou ane kap vini yo.”

Vil Geneva

Nan dènye deseni ki sot pase a, Geneva te parèt kòm yon gwo sant travay, vante plis pase 200 konpayi ak preske 1,500 djòb nan distri biznis santral la sèlman. Anba lavil istorik Geneva ki aksesib a pye pare pou l vini yon sant lavant andetay dinamik, dine, kilti ak destinasyon amizman pou mendèv kap boujonnen an ak pou etidyan yo nan twa kolèj lokal yo. Daprè DRI, Vil la santre sou reyabilite bilding enpòtan yo; divèsifikasyon

lojman ak opsyon lavant andetay; aksè a bon jan kalite manje; epi devlope antreprenarya nan zòn anba lavil la.

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la prezide pa ansyen Sekretè Deta New York, Cesar A. Perales ap dirije efò a avèk yon ekip espesyalis sektè prive ak planifikatè ki soti nan Depatman Deta, avèk sipò ki soti nan Division of Homes and Community Renewal, ansanm avèk lòt ajans yo nan eta.

Chak Konsèy Rejyonal ap gen sèt nivo kritè ki pwopoze pou chwazi kandida yo:

- 1) Katye sible a ta dwe konpak ak byen defini.
- 2) Anba lavil, oswa sant li yo, ta dwe nan gwoès nòm al pou sipòte yon sant aktif, anba lavil pandan tout ane a e li ta dwe gen yon popilasyon ki egziste deja oswa kap ogmante ki nan nivo aksesib fasil pou sa ki ta yon sant prensipal.
- 3) Anba lavil la ta dwe kapitalize sou envestisman anvan, epi kapitalize avni, piblik ak prive nan katye ak zòn avwazinan yo.
- 4) Ta dwe gen yon kwasans travay resan oswa ki toupre anba lavil la ki kapab atire travayè nan anba lavil la, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab
- 5) Anba lavil la dwe gen ladan pwopriyete oswa karakteristik ki kontribye oswa ki te kapab kontribye, si amelyore nan atraktivite ak abitabilite anba lavil, enkli prezans espas devlope a plizyè itilizasyon, lojman nan diferan nivo ak kalite, biznis komèsyal ak andetay nan manin street, enkli bon jan kalite mache manje ki a bon mache e ki a distans mache pyeton ak bisiklèt, ansanm avèk espas rasanbleman piblik ak park
- 6) Anba lavil la ta dwe genyen oswa atikile fason li ka kreye règleman kap amelyore kalite lavi, enkli itilizasyon tè bank lokal yo, kòd zòn modèn, plan konplè lari, oswa delvopman ki oryante sou transpò; e
- 7) Sipò lokal ak kominotè dwe egziste pou renovasyon anba lavil la. Dwe gen yon angajman ant lidè lokal yo ansanm avèk entèvenan yo pou bati ak enpleman yon plan envestisman stratejik pou anba lavil la.

“Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil san parèy Gouvènè Cuomo a rekonèt ke sant iben kap pwospere yo se kle pou chanje atid epi mennen moun retounen nan kominote nou yo,” **te deklare Prezidan Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Adjwen Kathy Hochul**. “Mwen te wè kijan revitalizasyon yon anba lavil ka transfòme tout yon rejyon. Avèk sipò ki soti nan Konsèy Rejyonal la, sa se egzakteman sa nou espere ki pral rive isit la.”

“Mwen konplimante kominote sa yo pou gwo efò ak pwopozisyon gayan,” **te deklare Sekretè Deta pa Entèrim New York Rossana Rosado**. “Zòn sa yo pare pou revitalizasyon e inisyativ sa pral fè katye sa yo vin pi vivab epi atire nouvo rezidan, travayè ansanm avèk vizitè nan anba lavil la, bay opòtinite pou kreyasyon travay ak kwasans ekonomik. Depatman Deta ap rete tann pou l travay avèk anba lavil gayan yo, nou te pataje siksè avèk anpil ladan yo pandan ane ki te pase yo.”

“Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon lòt egzanp sou inisyativ apwòch Gouvènè Cuomo pou delvopman ekonomik, ” **te deklare James S. Rubin, Komisyone/PDG New York State Homes and Community Renewal.** “Lè nou bati sou byen ki egziste deja, sa ki gen ladan yon jan kalite lojman ki entegre lavant andetay ansanm avèk lòt konvenyans pou moun yo nan yon varyete nivo revni, nou pral ede anba lavil yo atenn tout potansyèl yo kòm kote ki atiran, atraktif, abòdab pou moun viv ak travay. Konpliman a 10 kominote yo ki te fè pi gwo efò delavan pou genyen finansman sa a. M ap rete tann pou m wè rezilta yo.”

“Se te yon plezi pou m te travay avèk tout Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo pandan tout pwosesis sa ki oryante vè kominote sa,” **te deklare Cesar A. Perales, Prezidan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil.** “Manm REDC yo gen yon travay ki difisil anpil nan fè chwa yo pami anpil gwo kandida solid nan chak rejyon. Mwen voye remèsiman m bay REDC yo e mwen felisite kominote ki gayan yo.”

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal

Inisyativ REDC katriyèm wonn pral atribye jiska \$750 milyon dola nan finansman eta ak rekonpans taks. Nan 2016, toulè 10 REDC yo pral fè konpetisyon pou yon deziyasyon kòm Pèfòman prensipal. Senk premye pèfòman ke yo pral chwazi yo pral resevwa jiska \$25 milyon dola nan finansman Sibvansyon Devlopman Kapital nan Empire State, avèk lòt senk rejyon ki rete yo pral resevwa jiska \$10 milyon dola. Anplis, chak rejyon pral kalifye pou jiska \$15 milyon dola nan Kredi Taks Eksèlasyon pou ede atire epi delvope biznis yo nan rejyon an.

Pwojè yo nan 2016 gen ladan:

- Sipòte Plan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, epi kòmanse idantifye pwojè priyorite yo nan kominote ki te defini an;
- Mete sou pye strateji grasa sous pwojè a;
- Fòme travayè yo pou jodia ak demen; e
- Mezire pèfòmans ak pwogrè nan plan stratejik ak pwojè CFA yo.

Lè nou rekonpanse enplemantasyon plan stratejik yo, Konsèy Rejyonal yo, biznis, enstitisyon edikasyon yo, gouvènman lokal, gwoup non-pwofi yo ansanm avèk lòt entèvenan yo plis motive pou travay ansanm pou akonpli vizyon rejyonal la. Pandanke finansman pwojè yo pral atribye a toulè 10 Konsèy Rejyonal yo grasa CFA 2016 la, konpetisyon an mete anfas sou pèfòmans Konsèy Rejyonal ansanm avèk aksyon pou mete strateji yo sou pye. Ankouraje kolaborasyon veritab pami REDC yo ansanm avèk reprezantan yo nan kominote a enpòtan pou reyalize siksè devlopman ekonomik.

Anplis de \$10 milyon dola ki disponib pou kominote yo nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ajans yo nan eta pral gen pwen priyorite grasa CFA pou plis pwojè revitalizasyon anba lavil ki fèt pou transfòme kominote yo ki pare pou delvopman an katye dinamik kap pwospere.

Anplis, potansyèl aplikan yo nan rejyon ki te resewwa prim \$500 milyon dola gransa Inisyativ Revitalizasyon Pati Nò a ane pase nou ankouraje yo pou soumèt CFA yo nan Wonn VI, kòm toulè twa rejyon yo ap patisipe plèyman nan konpetisyon REDC ane sa a.

Delè limit pou soumisyon CFA a se vandredi, 29 Jiyè nan 4 p.m.

Pou aplikan yo, CFA a disponib <https://apps.cio.ny.gov/apps/cfa/>; e Manyèl 2016 REDC ak yon lis resous ki disponib pral aksesib nan www.regionalcouncils.ny.gov.

Senatè Mike Nozzolio te deklare, “Pandan dènye ane ki sot pase yo, anba lavil Geneva te obsève yon devlopman ekonomik enpòtan. Anba inisyativ Revitalizasyon Anbal avil Gouvènè a, nou te genyen opòtinite pou elaji sou kwasans sa epi kontinye fè vil sa ale delavan. Envestisman \$10 milyon dola pral dinamize ak revitalize zòn anba lavil nou yo, epi transfòme l an yon sant opòtinite ekonomik pou biznis ak rezidan yo toupatou nan kominote avwazinan yo. Mwen remèsye Gouvènè a paske li asire ke Geneva rete yon mèvèy nan Finger Lakes e map rete tann pou m wè pwogrè l nan ane kap vini yo.”

Majistra Geneva Ronald L. Alcock te deklare, “Zòn anba lavil Geneva se non sèlman pifò distri biznis santral li men tou yon gwo anplwayè pou rezidan yo nan vil la. Prim sa se yon envestisman enpòtan ki pral ranfòse kwasans travay vil nou an, ankouraje divèsite ak antrepriz, epi transfòme Geneva an yon motè ekonomik pou tout rejyon Finger Lakes la. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi pou lidèchip li, epitou mwen pa ka tann pou ka temwen transfòmasyon vil nou an pandan nou prale delavan.”

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes, Prezidan Kolèj Kominotè Monroe Anne Kress ak PDG Wegmans Food Markets Danny Wegman te deklare, “Grasa atansyon kontinyèl ansanm avèk angajman Gouvènè Cuomo ak efò san relach kòlèg nou yo nan Konsèy Rejyonal la nap fè gwo pwogrè pou garanti repitasyon vil sa kòm yon sous fyab opòtinite ekonomik pou tout rejyon an. Plan sa pral santre sou byen rejyon nou yo, tankou mendèv li ki gen talan ansanm avèk enstitisyon edikasyon nivo mondyal li yo pou kontinye kondwi kwasans ak opòtinite epi fè Geneva vini yon motè ekonomik. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou vizyon l e nou fyè paske nou fè pati nan inisyativ enpòtan sa a.”

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Ontario Jack Marren te deklare, “Jodia nap pran yon etap enpòtan nan bi pou transfòme anba lavil Geneva an yon sant ekonomik dinamik kap pwospere nan vil nou an. Envestisman \$10 milyon dola sa pral ede jenere travay, atire envestisman ak devlope endistri kle yo pu asire ke vil la rete yon sous ekonomik fyab pou rezidan ansanm avèk vizitè yo pou ane kap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Nò Peyi a pakse yo rekonèt potansyèl vil sa e map rete tann pou sa nou ka reyalize.”

Hobart & William Smith Prezidan Mark Gearan te deklare, “Mwen konplimante Vil Geneva sou apliakasyon sa ki gen siksè e mwen voye rekonesans mwen bay Gouvènè Andrew Cuomo, ansanm avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes paske yo bay resous enpòtan sa ki pral ajoute nan dinamis anba lavil Geneva. Mwen te fyè paske mwen te rejwenn Manadjè Vil la Matt Horn ansanm avèk Direktè Inisyativ Neighborhood Sage Gerling lè nou te pote ka devan komite seleksyon an. Kolèj Hobart ak William Smith gen yon gwo kolaborasyon avèk Vil Geneva epi apresye paske yo te anmezi pou loje depatman administratif enpòtan anba lavil la. Prim sa pral kontinye travay tout kominote a, fè Geneva vin yon bon kote pou travay, viv, vizite ak etidye.”

###

Wap jwenn lòt nouvel disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418